



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ AK NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 22 MILYON DOLA NAN KONTE BROOME

Ansyen lekòl piblik nan Endicott ki pa te byen itilize a te adapte pou tounen 61 apatman pou moun ki gen revni miks sa gen ladan 15 kay ki gen sèvis sipò pou ansyen fanmi ki te sanzabri yo.

Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann transfòmasyon bilding Henry B. Endicott School ki pa te byen itilize ki koute 22 milyon dola pou tounen 61 apatman nan pri abòdab nan vilaj Endicott, Konte Broome. Rekoni kounye a kòm Endicott Square, devlopman an gen ladan 15 apatman pou moun ki se ansyen sanzabri ki pral genyen aksè ak sèvis sipò sou plas.

"Pwopriyete ki vid epi ki pa byen itilize yo se sib prensipal pou reyamenajman piske yo ede revitalize katye yo, bay opòtinite lojman siplemantè ak amelyore kalite lavi tout kominote a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chemen pou nou swiv pandan n ap rekonstwi apre pandemi an bezwen plis investisman ki sekirite, lojman sipò tankou Endicott Square. Nou pral kontinye efò sa yo nan kominote atravè Southern Tier ak toupatou nan eta a".

Henry B. Endicott School 77,000 pye kare ki gen de etaj la te konstwi anvan sa an 1927. Fon Greater Binghamton (Greater Binghamton Fund, GBF) nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Southern Tier a te nonmen reyamenajman bilding lan kòm yon pwojè priyorite.

Endicott Square gen ladan 43 apatman ki gen yon sèl chanmakouche ak 18 apatman ki gen de chanmakouche. Senkanteyen apatman nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi ba ak dis apatman se pou fanmi k ap touche jiska 90 pousans AMI. Gen sèt apatman ki totalman aksesib ak adapte pou moun ki gen pwoblèm pou deplase yo, epi twa nan kay yo totalman aksesib ak adapte pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa wè yo.

15 fanmi pral gen aksè ak sèvis sipò sou plas ke YWCA of Binghamton and Broome County bay. Apeprè 375,000 dola nan finansman anyèl pou sèvis Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) bay epi ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la administre.

Ekipman yo nan bilding lan gen ladan yon enstalasyon pou lesiv, depo, sal kominotè, teren jwèt ak yon lakou pa deyò. Endicott Square sitiye nan yon katye rezidansyèl ki gen biznis komèsyal ak magazen an detay toupre a.

Finansman Eta a pou devlopman an se atravè alokasyon Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la pou Kredi Enpo Federal ak Eta sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ki te jenere apeprè 15.9 milyon dola nan kapital ak 2.4 milyon dola nan sibvansyon. Fon Greater Binghamton lan te bay 3 milyon dola pou pwojè a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a. NBT Bank te bay finansman adisyonèl.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Reyamenajman ansyen Henry B. Endicott School la pou tounen yon lojman nan pri abòdab ap pote nouvo lavi ak aktivite nan koridò vilaj Jackson Avenue a. Nan bay 61 lojman nan pri abòdab ki nesèsè anpil, Endicott Square se yon investisman entèlijan ki pral benefisye kominote a nan redui sitiyoasyon sanzabri ak ede ekonomi lokal la devlope. Nou rekonesan dèske nou gen yon patnè tankou Housing Visions ki pataje misyon nou pou bay lojman bon kalite ak sipò ki nan pri abòdab pou fanmi New York yo".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Inite lojman sipò yo nan Endicott Square pral pèmèt Nouyòkè ki vilnerab yo viv nan pwòp kay sekirite ak estab yo. Yon lòt fwa ankò, Inisyativ Lojman Sipò Empire State New York la ap bay lojman ki gen sèvis ki pral pote pi bon rezilta sante ak pèmèt plis Nouyòkè k ap viv avèk maladi mantal tounen kontribitè ki presye nan kominote nou yo".

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Fon Greater Binghamton lan pwofite resous piblik yo avèk investisman prive pou sipòte pwojè tankou transfòmasyon ansyen lekòl premye sik segondè sa ki pa te byen itilize. Pwojè reyitilizasyon adapte Endicott Square la fè pati estrateji sible sa a ki konsantre sou renesans zòn iben ki te neglije lontan sa nan Endicott, Binghamton ak Vil Jonhson. Atravè fon an, n ap katalize plis efò pou transfòme bilding istorik sa yo, kreye sant kiltirèl, travay ak lojman nan pri abòdab--tout sa yo pral estimile investisman rejyonal alontèm ak dirabilite".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Housing Visions Unlimited, Ben Lockwood, te deklare, "Bilding sa a gen yon istwa long ak fyète nan sèvi katye sa a epi reyamenajman adapte pwopriyete sa a pou touen lojman rezidansyèl asire sa pou pwochen jenerasyon an. Li reprezante yon estrateji ideyal pou ankouraje estabilizasyon rezidansyèl yo mande nan Plan Revitalizasyon Distri Endicott la".

Endicott Village se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Pandan deseni ki sot pase a nan Southern Tier, HCR te investi plis pase 276 milyon dola pou finanse apeprè 2,900 pwojè devlopman apatman nan pri ki abòdab pou plizyè fanmi.

Senatè Fred Akshar te deklare, "Lojman sekiritè, estab ak nan pri abòdab se yon etap esansyèl nan ede brize sik povrete a ak ede sila yo ki nan bezwen nan kominote nou an pou tounen sou pye yo, tounen sou mache travay la ak sou chemen sikse".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen ta renmen remèsye NYS Homes & Community Renewal, Housing Visions ak YWCA of Binghamton and Broome pou lidèchip yo nan pote devlopman enpòtan sa a nan Vilaj Endicott. Endicott Square transfòme yon ansyen bilding lekòl ki gen 61 inite, 15 dedye ak sila yo ki gen risk tonbe nan sitiasyon sanzabri epi yo gen sèvis sipò. Kalite lojman sa a nesèsè anpil nan kominote nou an epi mwen ta renmen remèsye espesyalman Vilaj la dèske yo si akeyan".

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Se egzakteman kalite pwojè sa yo nou te imajine lè Fon Greater Binghamton lan te anonse. Lojman nan pri abòdab kontinye rete nesèsè atravè kominote nou an epi 61 inite sa yo, sa gen ladan sila yo ki aksesib konplètman ak lòt yo ki fèt pou moun sanzabri yo, kontinye angajman nou pou konble lakin sa a. Mwen apresye gwo travay NYSHCR ansanm ak lòt patnè eta ak lokal nou yo dèske yo transfòme yon lòt bilding pou tounen yon pwojè ki benefisye tout kominote a".

Senatè Linda Jackson te deklare, "Nou kontan akeyi konplèks apatman Housing Vision lan, Endicott Square, nan vilaj nou an. Nou santi gen yon bezwen pou lojman pwòp ak sekiritè sa a. Mwen te rankontre avèk ekip Housing Visions lan epi mwen pa ka tann pou wè yon relasyon travay dirab ak egalman benefik sou plizyè ane alavni".

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplèman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Envestisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###